# EKONOMIKA TÁLIM BAĞDARÍNÍŃ TALABALARÍ UShÍN RÁSMIY KOMMUNIKACIYANÍŃ ÁHMIYETI

**A.Z.Esanova** – *tayanısh doktorant*
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** muloqot, rasmiy muloqot, iqtisod talabasi, kasbiy kompetentsiya, nutq madaniyati.

**Ключевые слова:** коммуникация, официальная коммуникация, студент-экономист, профессиональная компетенция, культура речи.

**Key words:** communication, formal communication, economics student, professional competence, communication culture.

**Kirisiw.** Kommunikaciya – bul jámiyettegi múnásibetlerdiń eń tiykarǵı bir túri bolıp ol arqalı adamlar bir-biri menen pikir, ideya hám informaciyalardı almasadı. Izertlewshi alımlardıń pikiri boyınsha kommunikaciyanıń nátiyjeli bolıwı bul tek maǵlıwmattı uzatıw ǵana emes, al onı qabıl qılıwı hám ańlawı da túsiniledi. Kommunikaciya túsinigi erteden insan iskerliginiń ajıralmas bir bólegi bolıp qáliplesken. Kommunikaciya sózi latın tilinen "communicatio" sózinen alınǵan bolıp, almasıw bólisiw degen mánilerdi bildiredi. Ilimiy ádebiyatlarda kommunikaciya sózine hár túrli táriyip berilgen bolsa da onıń tiykarǵı mánisi adamlar arasında maǵlıwmattı almasıw bolıp esaplanadı. Mısalı, amerikalı psixolog Ch.Kuli kommunikaciyanı insanlar arasındaǵı mánisler almasıw procesi sıpatında qaraydı [2]. Kommunikaciya tek jámiyettegi ǵana emes al ekonomikalıq qatnaslardıń da ajıralmas bólegi bolıp esaplanadı hám ol túrli formada bolıwı múmkin. Ásirese, ol shólkemlerde eki túrli boladı:

1. Rásmiy kommunikaciya;
2. Rısmiy emes kommunikaciya.

Bul eki túrdegi kommunikaciya óz ara tıǵız baylanıslı bolsa da hár biriniń ózine tán qásiyetleri bar.

**Tiykarǵı bólim.** Rásmiy kommunikaciya jámiyette yamasa shólkemlerde belgili bir qaǵıydalarǵa, ólshemlerge hám ierarxiyaǵa tiykar saladı hám ol hújjetlestirilgenligi, tártipke salınǵanlıǵı, iearxiyaǵa baylanıslılıǵı, juwapkershilik hám baqlaw túrinde ushırasadı [3].

Bunnan basqa da rásmiy kommunikaciya ekonomikalıq processlerdi ámelge asırıwda áhmiyetli orındı iyeleydi. Mısalı, kárxana menen klient ortasında baylanıs ornatıw, shartnama duziw, esabat islew, finanslıq maǵlıwmatlardı tayarlaw sıyaqlı processler tiykarınan rásmiy kommunikaciya arqalı ámelge asırıladı.

Rásmiy emes kommunikaciya bolsa, adamlar ortasında tábiyiy, erkin, jeke múnásibetlerge tayanǵan halda ámelge asırıladı hám ol tómendegishe belgilerge iye:

- Erkinlik – belgili bir qaǵıyda yamasa hújjetlerdi talap etpeydi.
- Awızekilik – kóbinese awızeki túrde ámelge asırıladı.
- Sociallıq múnásibetlerde tayanısh – insanlar ortasında dos sıpatında yamasa teń qatar kózqarasta ámelge asırıladı.
- Tezlik – kerekli informaciya, xabar tez jetkerilip beriledi. Sebebi, onda rásmiy tártipler ótkerilip otırılmaydı.

Rásmiy emes kommunikaciya kóbinese shólkemlerde miynet múnásibetlerin nátiyjeli ámelge asırıwda, jumısshılar ortasında doslıq atmosfera jaratıwda hám bir-biri menen tájiriybe almasıwda kórinedi [4].

Ekonomikalıq ortalıqta eki túrdegi kommunikaciyada áhmiyetli sanaladı. Sebebi, olar birin-biri toltırıp turadı. Mısalı, bank penen klient ortasındaǵı kredit shártnaması rásmiy kommunikaciya esaplansa, klient penen jumısshı ortasındaǵı sáwbet yamasa onı túsindiriw procesi rásmiy emes kommunikaciya esaplanadı. Bunnan basqa da mısal keltiretuǵın bolsaq, islep shıǵarıw boyınsha dúzgen jobası rásmiy qarar bolıp hújjetlestiriledi biraq onıń ámeliy tárepi xızmetkerler arasında rásmiy emes sáwbet arqalı ámelge asırıladı hám bul ámeliy process úlken áhmiyetke iye bolıp esaplanadı.

| Belgileri | Rásmiy kommunikaciya | Rásmiy emes kommunikaciya |
|---|---|---|
| Tiykarǵı | nızam, qaǵıyda, muǵdar | jeke múnásibetler, social baylanıslar |
| Forması | jazba (arza, esabat, shártnama) yamasa rásmiy awızeki (májilis, intervyu) | awızeki, erkin |
| Juwapker-shiligi | joqarı nızamshılıq kúshke iye | juwapkershilik talap etilmeydi |
| Ekonomi-kalıq pro-cesste kórinisi | shártnama dúziw, esabat beriw, finans-lıq maǵlıwmatlar almasıw | másláhátlesiw, tájiriybe almasıw, doslıq ortalıǵın jaratıw |

Ekonomika tálim baǵdarında bilim alıp atırǵan talabalar ushın rásmiy kommunikaciya professional qániyge jaratıwda hám jumıs beriwshilerdiń talabın qandırıwǵa eń áhmiyetli faktor esaplanadı. Kommunikaciya kónlikpesi akademiyalıq jetiskenlikke jetiwge de óz tásirin kórsetedi ilimiy izleniw jumısların jazıw, kórgizbeler tayarlaw joybarlarında qatnasıwǵa da rásmiy sóylesiw zárúr. Global ekonomika sharayatında bolsa xalıqaralıq kommunikaciya talap etiledi, sebebi ekonomika talabaları kóbinshe shet elli sherikler menen birge isleydi. Izleniwler kórsetkishi boyınsha rásmiy kommunikaciya ekonomika táliminde jámáátlik qararlardı qabıllawda hám maǵlıwmatlardı nátiyjeli tarqatıwdı támiyinleydi [1].

Rásmiy kommunikaciyanıń ámeliy abzallıqlarına toqtalatuǵın bolsaq ol arqalı ekonomikalıq tálim baǵdarları talabaları anıq hám isenimli maǵlıwmat jetkiziw, analitikalıq pikirlew, maǵlıwmatlardı strukturalı kórsetiw kónlikpelerin rawajlandıradı. Mısalı, finanslıq esabatlarda qátelerdiń aldın alıw, quramalı ekonomikalıq túsiniklerdi ápiwayı til menen túsindiriwi múmkin. Professional ómirde bul kónlikpeler kelispewshiliklerdi kemeytiredi hám nátiyjeli qararlar qabıl etiwge járdem beredi. Bunnan basqa da rásmiy sóylesiw ekonomikada anıq emes maǵlıwmatlardı (mısalı statistikalıq maǵlıwmatlar) tuwrı jetkeriwde áhmiyetli esaplanandı. Ózbekistandaǵı ekonomika tálim baǵdarları talabaları ushın bul kónlikpeler sanlı texnologiyalar menen birge qollanǵanda, olardıń karyera imkaniyatları ele de keńeyedi.

Rásmiy kommunikaciyanı talabalar tómendegi jollar menen rawajlandırsa boladı yaǵniy kurs jumısları, jámiyetlik joybarlarda qatnasıw arqalı, kórgizbeler arqalı, qosımsha treningler arqalı, biznes mektepleri hám onlayn kurslarda paydalı boladı. Ámeliyatlar hám stajirovkalarda olardıń tájiriybesin arttırıwǵa úles qosadı. Xalıqaralıq tillerdi úyreniw global ekonomikada júda zárúr esaplanıp, ásirese inglis tilin úyreniw házirgi zaman talabı.

Ózbekstanda talabalar ushın óz betinshe bilim alıw hám kredit-modul sistemasınıń ózi rásmiy sóylesiw kónlikpesin ózlestiriwge túrtki boladı. Ilimiy ádebiyatlarǵa kóre, talabalar talapqa baǵdarlanǵan tálim arqalı bul kónlikpeni bekkemleydi.

**Juwmaq.** Uluwmalastırıp aytatuǵın bolsaq, rásmiy kommunikaciya ekonomika tálim baǵdarı talabaları ushın uzaq jıllar óz paydasın tiygizedi. Professional imidj, akademik hám karyerada tabıslarǵa erisedi. Házirden baslap bul kónlikpelerdi rawajlandırıw olardıń keleshegi ushın, keleshektegi jumısına keń imkaniyat jaratadı. Talabalar hám oqıtıwshılar birgelikte bul tarawda islesken halda, Ózbekstan ekonomikasınıń sanlı transformaciyasına úles qosıwı múmkin.

**Ádebiyatlar**


1. Abdullaev A. Zamonaviy axborot-kommunikatsiya texnologiyalarining muammolari va yechimlari. // «Iqtisodiyot va ta'lim» jurnali, 25(2). 2023.
2. Cooley C.H. Social Organization: A Study of the Larger Mind. – New York: Charles Scribner's Sons, 1909.
3. Gómez L.F., Dailey S. L. Formal communication. In C.R.Scott, L.K.Lewis (Eds.), The International Encyclopedia of Organizational Communication. 2017.
4. Kang D., Mastin T. Informal Communication. In C.R.Scott, L.K.Lewis (Eds.), The International Encyclopedia of Organizational Communication. 2017.



**REZYUME**. Mazkur maqolada bo'lajak iqtisodchilarga rasmiy kommunikatsiyaning ahamiyati, amaliy foydalari va ko'nikmalari, rasmiy kommunikatsiyani rivojlantirish yo'llari aytilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье будущим экономистам рассказывается о значении, практических преимуществах и навыках официальной коммуникации, а также о путях развития официальной коммуникации.

**SUMMARY.** This article tells future economists about the importance of formal communication, its practical benefits and skills, and ways to develop formal communication.


## СТРАТЕГИИ РАЗВИТИЯ КРИТИЧЕСКОГО МЫШЛЕНИЯ ПРИ ПРОВЕДЕНИИ ЛЕКЦИЙ В ВУЗЕ


**М.И.Григорьева –** *старший преподаватель*

*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*



**Таянч сўзлар:** танқидий фикрлаш, таълим, чақириқ, англаш, рефлексия.

**Ключевые слова:** критическое мышление, образование, вызов, осмысление, рефлексия.

**Key words:** critical thinking, education, challenge, comprehension, reflection.


**Введение.** Современная систем образования направлена на раскрытие индивидуального потенциала каждого студента, расширение е знаний, формирование нравственных ценностей и культуры, а также на стимулирование критического мышления. Это продиктовано необходимостью формирования и совершенствования у обучающихся критического мышления, являющегося основополагающим элементом их профессиональной квалификации. Изучение государственных образовательных стандартов, учебных планов и программ высшего образования свидетельствует о растущей значимости развития критического мышления у студентов на протяжении всего обучения.

Исследования практической деятельности вузов показывают увеличивающуюся потребность в воспитании критически мыслящих личностей. Развитие критического мышления у студентов современного вуза обеспечит будущим специалистам гибкость и способность эффективно адаптироваться в современном информационном пространстве. В связи с этим в системе высшего образования возникает необходимость создания условий, способствующих развитию критического мышления у студентов в ходе учебного процесса.

Анализ последних исследований, посвящённых поиску эффективных способов развития критического мышления студентов, показывает, что, несмотря на высокую теоретическую и практическую ценность современных методов обучения, они недостаточно полно учитывают все аспекты данной проблемы.

**Анализ литературы по теме**. В современных научных источниках представлены несколько достаточно схожих по сути интерпретаций понятия критическое мышление. Понятие критическое мышление определяется Е.В.Волковым, как мышление, отличающееся «обоснованностью и целенаправленностью, - такой тип мышления, к которому прибегают при решении задач, формулирования выводов, вероятностной оценке и принятии решений» [1:5].

По мнению М.И.Махмутова критическое мышление включает способности человека, помогающие ему:

«а) видеть несоответствие высказывания (мысли) или поведения другого человека общепринятому мнению или нормам поведения или собственному представлению о них;

б) сознавать истинность или ложность теории, положения, алогичность высказывания и реагировать на них;

в) уметь определять ложное, неверное от правильного, верного;

г) анализировать, доказывать или опровергать, оценивать предмет, задачу, показывать образец высказывания, поведения и т.д.» [2:91].

Е.О.Галицких обобщает основные характеристики критического мышления в рамках технологии как тип мышления, помогающий находить собственные приоритеты в личной, профессиональной и общественной жизни, а так же соотносить их с актуальными нормами. Критическое мышление, по ее мнению – индивидуальная ответственность за сделанный выбор, и одновременно, сложный процесс, позволяющий развивать культуру «диалога» в совместной деятельности. Оно «повышает уровень культуры индивидуальной работы с информацией, формирует умение анализировать и делать самостоятельные выводы, прогнозировать последствия своих решений и отвечать за них» [3:112].